

NETWAYAJ SAN DANJE: FLIYID KÒ

Fliyd kò, tankou vomè, san, dyare ak pipi, gen jèm ki kapab fè oumenm ak timoun w ap pran swen yo malad. Toujou swiv gid sa yo lè w ap netwaye fliyd kò.

Konsève yon Twous Netwayaj

Mete yon Twous Netwayaj kote ou kapab jwenn li fasil. Konsève li yon kote ki pwoteje pou timoun yo pa jwenn li.



Twous Netwayaj la ta dwe gen ladan:

- Yon rad pwòp pou chanje pou chak timoun (yon paran oswa yon responsab legal bay)*
- Sache fatra pou nenpòt rad oswa atik sal
- Gan ki pa latèks pou itilize yon sèl fwa (pa egzanzp, vinil, poliyetilèn, oswa nitril)
- Solisyon dezenfektan pou itilizasyon jeneral (1/4 tas klowòks pou chak 1 galon dlo)
- Solisyon dezenfektan pou sifas ki gen kontak avèk manje (1 kiyè klowòks pou chak 1 galon dlo)
- Lenjèt dezenfektan ak sèvyèt pou sifas yo

Tcheke epi re-estoke sa ki nan Twous Netwayaj la chak semèn.

Swiv Etap Sa Yo Lè W ap Netwaye

Pran swen timoun nan ak nenpòt kote ki sal anmenmtan.

Toujou itilize langaj pou konsòle avèk timoun yo lè w ap netwaye fliyd kò.†



Fason pou Pran Swen Timoun nan

1. Mete gan pou itilize yon sèl fwa (sa konsène tout moun k ap netwaye likid kò).
2. Ale nan twalèt avèk timoun nan oswa yon kote pou chanje rad li lwen lòt timoun yo.
3. Retire tout rad sal yo.
4. Mete rad sal yo nan yon sache ki fèmèn.
5. Netwaye timoun nan nèt epi abiye timoun nan avèk rad pwòp.
6. Jete gan sal yo.
7. Lave men ou ak men timoun nan.



Fason pou Netwaye Zòn Kontamine yo

1. Mete gan pou itilize yon sèl fwa (sa konsène tout moun k ap netwaye likid kò).
2. Mete lòt timoun yo lwen nenpòt kote ki sal.
3. Itilize solisyon dezenfektan pou netwaye nenpòt kote ki sal.
4. Mete nenpòt atik ou itilize pou netwaye kote ki sal yo nan sache fatra.
5. Mete gan yo nan sache fatra; fèmèn sache a epi jete li.
6. Lave men ou.